

# KONEKSYON

Yon Bilten Enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

FEVRIYE 2019

Bilten 11, NIMEWO 50

SA KI LADAN:

- Jounen Lanmou ak Jantiyès
- Plan Peman Davans nan Florid
- Defi Inovasyon pou Elèv

## FITI INOVATE YO TE PATISPE NAN EKSPOZISYON STEAM MIAMI-DADE LA



Plis pase 25,000 elèv, paran, pwofesè, ak manm nan kominote a te reyini pou gade jèn elèv nou yo ekspriye tèt yo yon fason ki kreyatif atravè aktivite ak konpetisyon STEAM yo nan 9èm Ekspozisyon Anyèl STEAM Miami-Dade la.

## YO NONMEN OLIVIER DIEZ MEYÈ PWOFESÈ POU ANE A, LAURA HAIM MEYÈ PWOFESÈ DEBITAN POU ANE A

Yo nonmen Oliver Diez, yon pwofesè mizik nan Lekòl Elemantè Palmetto, Meyè Pwofesè Miami-Dade County Francisco R. Walker pou Ane 2020 an . Pandan karyè prèske 20 ane li a avèk M-DCPS, yo te souvan pran Diez ki parèt trè jèn pou yon elèv lekòl segondè. Akoz apwòch kreyatif ak inovatif Diez, elèv li yo ka pèfòme e jwe enstriman mizikal depi yo nan premye ane eskolè.

Dezyèm pwofesè pou ane a se Ray Parris nan Lekòl Segondè Hialeah-Miami



Lakes. Yo te rekonèt nan evènman an tou Laura Haim kòm meyerè pwofesè debitan pou ane a. Yo te nonmen Christopher Fisk, ki te

elèv Diez 13 ane desa, kòm Dezyèm Pwofesè Debitan.

## REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

13 mas

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

17 avril

10:00 dimaten  
Sesyon Konferans:  
Zòn Prezans pou  
2019-2020

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye; Lektü  
Inisyal - Zòn Prezans pou  
2019-2020

## DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

1ye – 28 fevriye- Istwa Moun Nwa Ozetazini  
24 fevriye - Fwa Kolèj Nasyonal  
14 mas - Jou pou Lekòl Segondè Lage Bonè  
25-29 mas - Vakans Prentan

## M-DCPS PRAN ANGAJMAN POU PWOTEKSYON AK SEKIRITE



M-DCPS rete fèm nan angajman li pou asire pwoteksyon ak sekirite elèv, anplwaye ak vizitè li yo. Depi plizyè ane, Distri a envesti nan polis lekòl, amelyorasyon nan enfrastrikti, ak fòmasyon e devlopman anplwaye ki gen pou objektif evite potansyèl trajedi.

Imedyatman aprè zak vyolans terib ki te fèt nan Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas nan Parkland, Distri a te inisyè pwosesis pou revize pwotokòl sekirite yo e idantifye opòtinite pou amelyorasyon. Revizyon sa a te fèt yon fason konplè. Atravè 11 dènye mwa sa yo, nou deplwaye yon sistèm sekirite plizyè pati pou asire lekòl ki nan Distri a rete espas ki gen sekirite pou kreyativite ak aprantisaj. Pou plis enfòmasyon, vizite [http://news.dadeschools.net/cmnc/new\\_hc/28972](http://news.dadeschools.net/cmnc/new_hc/28972).

## M-DCPS ONORE VIKTIM STONEMAN DOUGLAS YO AVÈK YON JOUNEN LANMOU AK JANTIYÈS



Jou 14 fevriye 2019 te fè yon ane depi trajedi terib nan Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas te lakoz 17 elèv ak anplwaye pèdi lavi yo. Semen pase, M-DCPS te rankontre ak vwazen li yo nan Broward, Palm Beach, ansanm ak distri lekòl atravè peyi a pou onore vi viktim sa yo ki te pèdi akòz yon moun ki te tire nan lekòl la. Distri ki te patisipe yo te obsève yon moman silans a 10:17 dimaten 14 fevriye, pou onore vi 17 viktim yo.

Kòm pati nan "Love and Kindness Day" (Jounen Lanmou ak Jantiyès) M-DCPS la, lekòl yo te prezante plizyè aktivite ki vize chak nivo ane eskolè avèk yon konsantrasyon sou lanmou ak jantiyès.

Pami aktivite yo genyen:

- Espas Jantiyès: lekòl yo te deziye yon zòn nan lekòl yo kote pwofesè ak anplwaye poste mesaj pozitif sou elèv ki demontre lanmou ak jantiyès.
- Voye nòt sou Lanmou ak Jantiyès: nou te voye yon modèl nan chak lekòl pou elèv yo ekri oubyen desine yon mesaj jantiyès bay yon moun nan Jou Sen Valanten an.
- Di yon moun li espesyal: nou te ankouraje elèv pou yo ekri yon lòt elèv yo pa konnen twò byen pou aksantye yon bagay espesyal li gen nan li.
- Lis pou Tcheke Pandan Repa Mid: nou te bay chak elèv yon lis "Jounen Lanmou ak Jantiyès" kote yo gen pou yo tcheke otan aksyon jantiyès

yo kapab fè pandan tan repa midi yo a.

- ["Be Kind!" "Public Service Announcement (PSA) Challenge"] [(Defi Anons Sèvis Piblik) "Se pou Janti!"]:
- nou te ankouraje lekòl yo pou kreye yon PSA sou jantiyès. Nou ap rekonèt PSA ki pi remakab yo atravè inisyativ Valè Enpòtan nan Miami Distri a.

Te gen konseye ki disponib pou rankontre avèk elèv oubyen anplwaye ki te bezwen plis sipò.

Depatman Sèvis Sante Mantal te disponib tou pou ofri lekòl ak kominote a sèvis pou elèv ak fanmi yo.

## PLAN PEYE DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID



Li pa janm twò bonè pou ekonomize pou kolèj. Anfèt, pi bonè yon fanmi kòmanse ekonomize, se mwens l ap peye pa mwa. Nou vle asire nou gen enfòmasyon sou yon opsyon ki abòdab, fleksib pou ekonomize pou kolèj ki gen garanti Eta Florid, e ki deja ede plis pase 450,000 elèv ale nan kolèj. "Florida Prepaid College Plans" (Plan Peyè Davans pou Kolèj nan Florid) ofri plan peman davans pou yon varyete bidjè. Bloke frè ekolaj w ap gen pou w peye alavni avèk plan garanti ki kòmanse a \$47 pa mwa. Enskri 30 avril oubyen avan pou w ka pwofite pri sa yo pandan peryòd Enskripsyon ki Ouvè kounye a, peryòd nan ane a kote fanmi yo ka kòmanse ekonomize pou kolèj avèk yon Plan Peyè Davans. Enskripsyon an Ouvè pou jis 30 avril 2019. Enskri jodi a! <https://bit.ly/QptSoA>


## DEFI SIPÈNTANDAN AN POU INOVASYON ELÈV

Sipèntandan Lekòl yo Alberto Carvalho pran angajman pou l remèt prim \$10,000 li te resevwa lè yo te rekonèt li kòm Meyè Sipèntandan Nasyonal Iben pou ane a pou finanse prim bousetid kolèj pou inovasyon elèv nan Miami-Dade. Yo ap remèt bousetid la bay elèv ki prezante pwojè ki pi inovatif yo kòm yon pati nan premye Defi Sipèntandan an pou Inovasyon Elèv.

Defi a gen objektif pou elèv ki nan lekòl segondè kounye a nan idantifye pwoblèm reyèl ki gen nan mond la e eksplwate konesans yo, pasyon ak kreyativite yo pou devlope solisyon inovatif pou gwo pwoblèm sosyete nou an ap fè afwonte kounye a. Elèv yo, ki travay nan

ekip ki gen de (2) moun, kapab soumèt pwojè ki gen rapò ak pwoblèm anviwònman (tankou nivo lanmè a ki ap monte ansanm ak dekolasyon dlo lanmè a), pwoblèm sante, (tankou itilizasyon sigarèt elektwonik). Prim pou pwojè ki ranpòte defi a gen ladan yon \$10,000 bousetid kolèj. Defi a ouvè pou elèv premye

ak dènye ane lekòl segondè nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Elèv ak paran/ gadyen ka jwenn aksè ak enfòmasyon ki gen rapò ak defi a, tankou règ pou antre ladan ak delè enpòtan yo, nan vizite <http://challenge.dadeschools.net/>.



## ORÈ GRADYASYON 2019



Lekòl Leta Miami-Dade County bibliye dat, adrès ak lè pou gradyasyon li yo pou 2019. Seremoni gradyasyon pou ane sa a ap fèt soti mèkredi 29 me jiska jedi 6 jen.

Pou telechaje orè a vizite [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net).

## ENSKRI DAVANS POU FWA KOLÈJ NASYONAL MIAMI AN



Reprezantan k ap soti nan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasyonal 2019 Miami an dimanch 24 fevriye 2019, pou rankontre elèv ak paran sou sijè tankou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, admisyon, ak egzijans pou pran egzamen. Elèv ka enskri davans nan [www.gotomyncf.com](http://www.gotomyncf.com).

## KONSÈY SOU ENTENÈT POU PARAN:

### Primè:

Fè Lekti Vin yon Aktivite Sosyal  
<https://bit.ly/2GWBEo8>

### Segondè:

Aprantisaj Pi Enpòtan Pase Nòt  
<https://bit.ly/2SIgIyE>



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

## MEDYA SOSYAL



@MDCPS  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

## Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Doktè Lawrence S. Feldman  
Doktè Steve Gallon III  
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez  
Mari Tere Rojas  
Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo  
Josh Rios  
Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

## Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego  
Ofisye Anchèf Kominikasyon